

# ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

**Jedi 24 Janvye 2013 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman**

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy komunikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non w ak non lekòl la ak lèt enprime sou liy ki pi wo yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

**Pati I** an gen 50 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a gen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

**Pati III B** a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou si w pa siyen deklarasyon sa a.

**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

- |  |   |
|--|---|
| <p>1 Ki faktè jewografik ki te pi enfliyanse dirèkteman pozisyon premye koloni angle yo nan Amerik-di-Nò?</p> <ul style="list-style-type: none"><li>(1) rivyè yo ki sou lakòt Atlantik la</li><li>(2) disponiblite tè plat nan Midwès la</li><li>(3) klima modere toutolon lakòt Gòlf la</li><li>(4) forè toupatou nan Koloni Mitan yo</li></ul> <p>2 Gran Chat ak Deklarasyon Dwa Angle yo te gen enfliyans enpòtan sou devlopman konstitisyonèl Etazini paske yo</p> <ul style="list-style-type: none"><li>(1) te bay dwa pou gason ak famm yo vote</li><li>(2) mete limit sou pouvwa gouvnèman an</li><li>(3) mande abolisyon esklavaj</li><li>(4) sipòte devlopman federalis</li></ul> <p>3 Deklarasyon Endepandans lan gen ladan yon</p> <ul style="list-style-type: none"><li>(1) pwopozisyon pou reyini koloni yo a Angletè</li><li>(2) deskripsyon plent kont Wa Angletè a</li><li>(3) mande pou gen yon trete ant koloni yo ak Lespay</li><li>(4) planifye pou òganize teritwa lwès yo</li></ul> <p>4 Ki seri evènman ki asosye avèk Lamerik bonè ki nan lòd kwonolojik kòrèk la?</p> <ul style="list-style-type: none"><li>(1) envestiti George Washington → adopsyon Lwa sou Tenm → Batay Saratoga → Lagè ant Lafrans ak Lend</li><li>(2) Batay Saratoga → Lagè ant Lafrans ak Lenn → adopsyon Lwa sou Tenm → envestiti George Washington</li><li>(3) Lagè ant Lafrans ak Lenn → adopsyon Lwa sou Tenm → Batay Saratoga → envestiti George Washington</li><li>(4) adopsyon Lwa sou Tenm → Lagè ant Lafrans ak Lenn → envestiti George Washington → Batay Saratoga</li></ul> | <p>5 Kritik Atik Konfederasyon an te endike li te</p> <ul style="list-style-type: none"><li>(1) enpoze taks enjis sou eta yo</li><li>(2) itilize yon sèvis militè pou fòme yon fòs lame nasyonal</li><li>(3) bay yon sistèm tribunal federal ki fò</li><li>(4) bay eta yo twòp pouvwa</li></ul> <p>6 “... Atik 6. Pa dwe gen ni esklavaj ni sèvitid fòse nan teritwa ki endike a, pase nan pinisyon pou krim yo dwe kondane moun nan kòrèkteman. Akondisyon, Nenpòt moun ki sove nan menm kote a, si yo reklame pou moun nan fè travay oswa sèvis legalman nan nenpòt Eta orijinal, yo ka reklame moun ki sove a legalman epi yo ka mennen li ba moun ki reklame pou li fè travay oswa sèvis, jan sa endike anwo a....”</p> <p style="text-align: right;">— Northwest Ordinance, 1787</p> <p>Dapre ekstrè sa a nan Òdonans Nòdwès, ki deklarasyon ki se yon konklizyon valab?</p> <ul style="list-style-type: none"><li>(1) Yo pa t fè atansyon nan zafè esklavaj la ditou anvan Lagè Sivil la.</li><li>(2) Abolisyonis yo te vin gen kontwòl Konvansyon Konstitisyonèl la.</li><li>(3) Yo te entèdi esklavaj legalman nan Teritwa Nòdwès la.</li><li>(4) Esklav yo te gen dwa sivil yo pwoteje nan sou plan konstitisyonèl.</li></ul> <p>7 Gran Konpwomi te pèmèt delege yo nan Konvansyon Konstitisyonèl (1787) la</p> <ul style="list-style-type: none"><li>(1) detèmine prensip souverènte popilè nan teritwa yo</li><li>(2) bay Kongrè a sèlman dwa po deklare lagè si yo atake nasyon an</li><li>(3) pwoteje enterè eta ki gen ti popilasyon yo ak eta ki gen gwo popilasyon yo</li><li>(4) prevwa eleksyon endirèk prezidan an avèk kolèj elektoral la</li></ul> |
|--|---|

- 8 Ki aksyon prezidan ki se yon egzanzitilizasyon konstitisyon ki pa ekri?
- siyen yon lwa Kongrè a vote
  - mande yon reyinyon kabinè a
  - òdone lamarin pou fè patwouy nan Gòlf Pèsik
  - fè nominasyon yon jij tribinal federal
- 9 Avantaj prensipal pou gen kloz fleksib nan Konstitisyon Etazini sèke li
- pèmèt gouvnèman an reponn nan kondisyon chanjman yo
  - pwoteje dwa minorite rasyal yo
  - anpeche yon branch gouvnèman an vin pi puisan
  - kreye yon sèvis lapòs
- 10 Kijan plan finansye Alexander Hamilton te afekte ekonomi Etazini pandan ane 1790 yo?
- Revni nasyonal nan taks te diminye.
  - Gwo dwa ladwàn yo te ogmante komès etranje a.
  - Politik trezò a te lakòz enflasyon jeneral.
  - Bank Etazini yo te fèk kreye a te ede estabilize ekonomi an.
- 11 Yon rezulta acha Teritwa Louisiana (1803) sèke Etazini te
- achte California nan men Lespay
  - vin gen kontwòl pò New Orleans
  - te mete yon pwen final nan konfli konsènan fwontyè a avèk Kanada Britanik
  - anekse Florida
- 12 Desizyon yo te pran nan pwosè *Marbury v. Madison* (1803) te enpòtan paske sa te detèmine Tribunal Siprèm
- te gen pouvwa limite sou tribinal eta yo
  - te gen pouvwa pou chwazi pwòp manm li yo
  - te kapab deklare yon lwa federal pa konstitisyònèl
  - te kapab mete prezidan ak lòt ofisyèl gouvnèman an annakizasyon
- 13 Polemik konstitisyònèl ki te lakòz dirèkteman kòmansman Lagè Sivil la te konsène dwa eta yo pou
- kontwole tarif dwa ladwàn yo
  - siyen trete avèk peyi etranje
  - retrace distri kongrè a
  - separe avèk Inyon an
- 14 Ki gwoup ki te jwenn avantaj pi dirèkteman nan desizyon Tribunal Siprèm nan pwosè *Dred Scott v. Sanford* (1857)?
- |                    |                   |
|--------------------|-------------------|
| (1) abolisyonis yo | (3) mèt esklav yo |
| (2) imigran yo     | (4) esklav yo     |
- 15 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?
- I.
- A. Mache Prese nan California pou Jwenn Lò (1849)

B. Lwa Homestead (1862)

C. Reyalizasyon chemennfè trans-kontinental (1869)
- Faktè ki Ankouraje Kolonizasyon Lwès
  - Pwogram Transpò Gouvènman an Finanse
  - Rekonesans Dwa Ameriken Natifnatal pou Posede Tè
  - Aksyon ki Ankouraje Pwoteksyon Resous Natirèl
- Sèvi ak pasaj yo pran nan transkripsyon pwosè a ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 16.
- ... MADMWAZÈL ANTHONY: Lè yo te mennen mwen devan ou majistra pou pwosè a, mwen te swete jwenn yon entèpretasyon jeneral ak liberal Konstitisyon an ak dènye amannman li yo, ki ta deklare tout sitwayen Etazini anba [boukliye] pwoteksyon—an ki ta deklare egalite dwa garanti nasyonal pou tout moun ki fèt oswa ki naturalize nan Etazini. Men poutèt nou echwe nan fè jistis sa a—echwe, menm, pou jwenn yon pwosè devan yon jiri *ki pa* nan kamarad mwen yo—mwen mande pou ou gen pitye pou mwen—olye ou aplike lalwa kont mwen nan dènye limit lan....
- Sous: *United States v. Susan B. Anthony*, 1873
- 16 Yo te ratife amannman konstitisyònèl ki endike nan deklarasyon sa a pou
- mete yon pwen final nan enpòtasyon esklav yo
  - ogmante revni federal
  - kreye Pwoyibisyon nasyonal
  - bay dwa legal pou Ameriken Nwa yo


- 17 Ki deklarasyon ki pi byen dekri fason sitiayson Ameriken Nwa yo nan Sid te chanje yon ti tan apre Rekonstrikson an te fini nan ane 1877?
- Tribinal Siprèm toujou t ap sipòt dwa sivil pou Ameriken Nwa yo.
  - Yo te elimine taks lokal yo ak tès alfabetizasyon pou Ameriken Nwa yo.
  - Te gen plis kantite Ameriken Nwa ki te pase nan elekson pou fonksyon piblik.
  - Ameriken Nwa yo te jwenn plis diskriminasyon ak segregasyon.
- 18 Yo te itilize teori ekonomi lesefè pandan fen ane 1800 yo pou
- jistifye ogmantasyon biznis san kontwòl
  - mande plis pwoteksyon konsomatè
  - sipòt pwogram Pwogresis
  - reyalize distribisyon revni egalego
- Sèvi ak deklarasyon oratè yo ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 19 ak 20.
- Oratè A:* Pi bon fason pou evite koripsyon nan gouvènman an se kite sitwayen yo jwe yon wòl dirèk nan pwosesis lejislatif la.
- Oratè B:* Demantèlman fideyikomi ak monopòl ap ogmante konpetisyon biznis.
- Oratè C:* Yon objektif enpòtan gouvènman federal la se ta dwe pwoteksyon resous natirèl nou yo.
- Oratè D:* Gouvènman an ap sèlman amelyore lè fanm yo jwenn tout dwa pou yo vote.
- 19 Deklarasyon ki oratè ki pi asosye dirèkteman avèk konsèp politik pwogram, referandòm oswa rapèl?
- |       |       |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |
- 20 Ki pwendvi de (2) oratè ki endike aksyon Theodore Roosevelt te fè lè li te prezidan (1901–1909)?
- |            |            |
|------------|------------|
| (1) A ak B | (3) C ak D |
| (2) B ak C | (4) D ak A |
- 21 Yo te itilize tèm *denichè eskandal* nan kòmansman ane 1900 yo pou dekri ekriven ki
- te sipòt limit sou règleman gouvènman an
  - te ekspoze abi nan sosyete ameriken an
  - te vle Etazini entèdi tout imigrasyon
  - te ankouraje efò pou entegrasyon ras
- 22 Nan kòmansman ane 1900 yo, Etazini te pwopoze politik Pòt-Louvri pou
- vin gen novo koloni nan Pasifik la
  - jwenn sipòt pou bati Kannal Panama
  - amelyore relasyon avèk Ewòp
  - jwenn aksè nan mache yo nan Lachin
- 23 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?
- I. \_\_\_\_\_

A. Pa gen gouvènman san konsantman gouvène yo

B. Gwo depans pou defann teritwa ki deyò Etazini

C. Tradisyon non-patisipasyon Etazini
- Nouvo Politik Imigrasyon Lamerik
  - Rezon pou Ekspansyon Aletranje
  - Kòz Lagè ant Panyòl ak Ameriken
  - Agiman ki Kont Enperialis
- 24 Yo te kreye Sistèm Rezèv Federal nan ane 1913 pou
- otorize Kongrè a fikse to enterè yo
  - kontwole òf monè nasyon an
  - pèmèt gouvènman an posede bank nasyon an
  - pran responsablité empresyon lajan

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 ak 26.



Sous: Gary B. Nash, *American Odyssey: The United States in The Twentieth Century*, Glencoe, 1994 (adapte)

- 25 Ki jeneralizasyon sou sendika nan Etazini ki pi sipòte aklè nan enfòmasyon ki nan kat jewografik la?
- Gouvènman federal la te sipòte aktivite sendika yo.
  - Aksyon gouvènman an te souvan siprime grèv sendika yo.
  - Se travayè min sèlman ki te ka manm sendika.
  - Gouvènman eta a yo te ofri pou sèvi kòm medyatè nan konfli sendika yo.
- 26 Ki te premye grèv sendika ki te fini avèk entèvansyon prezidan an sou non travayè yo?
- Afè Haymarket nan ane 1886
  - Grèv Pullman nan ane 1894
  - Grèv Anthracite Coal nan ane 1902
  - Grèv Textile nan ane 1912

Sèvi ak afich ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 27.



Sous: Library of Congress

- 27 Gouvènman Etazini te pibliye afich Premye Gè Mondyal la pou ankouraje Ameriken yo
- (1) ogmante anwolman nan fòs lame
  - (2) redui itilizasyon byen konsomasyon
  - (3) envesti nan efò lagè a
  - (4) konsève resous ra yo pou fòs lame

- 28 Apre Premye Gè Mondyal la, yon fason Red Scare, adopsyon Lwa Kota yo, ak kwasans Ku Klux Klan te sanble sèke yo tout

- (1) eksplwate laperèz konsènan moun yo te konsidere kòm moun ki pa Ameriken
- (2) ankouraje rapwochman nouvo imigran yo nan soyete ameriken an
- (3) sipòte objektif mouvman pou jwenn dwa pou vote
- (4) montre prejidis kont Ameriken Nwa yo

Sèvi ak tablo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 29.

#### Estatistik Chomaj Epòk Depresyon

Ane	Kantite Moun ki nan Chomaj	Pousantaj Fòs Travay Sivil
1929	1,550,000	3.2
1930	4,340,000	8.9
1931	8,020,000	16.3
1932	12,060,000	24.1
1933	12,830,000	25.2
1934	11,340,000	22.0
1935	10,610,000	20.3
1936	9,030,000	17.0
1937	7,700,000	14.3
1938	10,390,000	19.1
1939	9,480,000	17.2
1940	8,120,000	14.6
1941	5,560,000	9.9
1942	2,660,000	4.7
1943	1,070,000	1.9
1944	670,000	1.2
1945	1,040,000	1.9

Sous: U.S. Bureau of the Census

- 29 Ki konklizyon ki pi sipòte aklè nan enfòmasyon ki nan tablo a?

- (1) Politik ekonomik Prezidan Herbert Hoover te ogmante posiblite pou jwenn djòb.
- (2) To chomaj Etazini te rive nan nivo siperyè li nan ane 1938.
- (3) Pwogram Nyoudil Prezidan Franklin D. Roosevelt pa t rezoud kriz chomaj la.
- (4) Dezyèm Gè Mondyal la te mete yon pwen final nan to chomaj Gran Depresyon.

- 30 Nan Nyoudil la, yo te kreye Komisyon Tit ak Echanj (SEC) ak Sosyete Federal Asirans Depo (FDIC) pou
- (1) prevwa yon redrèzman rapid pri aksyon yo
  - (2) prete lajan dirèkteman ba biznis yo
  - (3) pwoteje envestisè endividiyèl yo kont fwod nan aksyon ak kont fayit bank yo
  - (4) kite bank ak konpayi yo envesti nan mache aksyon an
- 31 Yo pi byen rekonèt Senatè Huey Long, Dr. Francis Townsend, ak Pè Charles Coughlin kòm
- (1) manm kabinè Prezidan Franklin D. Roosevelt
  - (2) opozan ki pale serye sou Nyoudil Prezidan Franklin D. Roosevelt
  - (3) sipòtè kanpay re-éleksyon Prezidan Franklin D. Roosevelt nan ane 1940
  - (4) manm Tribunal Siprèm Prezidan Franklin D. Roosevelt te lonmen
- 32 Etazini te itilize politik "peye ak pote" ak Lwa Prè-Afèmaj pou
- (1) ede finanse efò Lig Nasyon pou konsève lapè
  - (2) ankouraje apezman britanik pou Almay
  - (3) satisfè obligasyon trete avèk Grannbretay ak Lafrans
  - (4) bay sipò pou Alye yo nan Dezyèm Gè Mondyal san antre nan lagè a
- 33 Prezidan Franklin D. Roosevelt te endike 7 desanm 1941, kòm "yon dat k ap viv nan repiyans" paske nan jou sa a
- (1) Almay te anvayi Lapolòy
  - (2) Japon te atake Pearl Harbor
  - (3) Itali te deklare lagè kont Etazini
  - (4) Etazini te lage yon bonm atomik sou Hiroshima

Sèvi ak kat postal ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 34.



Sous: The Authentic History Center (adapte)

- 34 Ki amannman konstitisyonèl yo te adopte pou rezoud pwoblèm ki endike sou kat postal la?
- (1) taks pwopòsyonèl sou revni
  - (2) eleksyon dirèk senatè Etazini
  - (3) entèdiksyon sou taks lokal nan eleksyon pou prezidan
  - (4) limit sou kantite ane yon prezidan kapab sèvi
- 

- 35 Nan pwosè *Korematsu v. United States* (1944), Tribunal Siprèm te konfime lòd ki te eskli Japonè-Ameriken Lakòt Lwès yo sou baz yo te konsidere aksyon an kòm
- (1) yon zafè sekirite nasyonal
  - (2) yon nesesite pou ekonomi an
  - (3) yon efò pou limite imigrasyon moun ki sòti nan peyi Japon
  - (4) yon fason pou pwoteje Japonè-Ameriken nan eksitasyon anti-japonè

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 36 ak 37.

**“Li debouye li finalman.”**



Sous: Dorman Smith, *Phoenix Gazette*, 1949 (adapte)

- 36 Ki deklarasyon ki eksprime lide prensipal komik sa a avèk plis presizyon?
- (1) Kontribiyab ameriken yo swete Plan Marshall la ap estabilize ekonomi Ewòp byen vit.
  - (2) Plan Marshall ap limite redrèsman ekonomi Ewòp.
  - (3) Ewòp p ap pran avantaj Plan Marshall la.
  - (4) Plan Marshall la ap lakòz kontribiyab ameriken yo fè fayit.
- 37 Etazini pa t fè aksyon ki endike nan komik lan sitou pou
- (1) anpeche Inyon Sovyetik devlope zam atomik
  - (2) anpeche Adolf Hitler retounen sou pouvwa a nan peyi Almay
  - (3) sispann devlopman kominis nan Ewòp-de-Lwès
  - (4) fose peyi satelit sovyetik yo sòt anba kontwòl sovyetik

Sèvi ak sitasyon ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 38 ak 39.

... Nou pa dwe blyie jodi a nou se eritye premye revolisyon an. Kite pawòl la anonse nan tan ak kote sa a, ba zanmi ak lennmi menm jan an, flanbo a te transmèt ba yon nouvo jenerasyon Ameriken ki fèt—nan syèk sa a, ki tampere akòz lagè, jwenn disiplin nan yon lapè ki difisil ak anmè, ki fyè pou ansyen eritaj nou—epi ki pa vle temwaye oswa pèmèt pèt dwa moun dousman nasyon sa a te toujou angaje, epi pou sa nou angaje jodi a lakay nou ak toupatou nan lemonn....

Pou moun ki nan kabàn ak vilaj ak mwatye glòb la k ap batay pou kase chèn lamizè an mas, nou pwomèt pi bon efò nou pou ede yo ede tèt yo, pou kèlkeswa peryòd ki nesesè a—pa paske kominis yo ka fè sa, men paske n ap chèche vòt yo, men paske sa kòrèk. Si yon soyete lib pa kapab ede anpil moun ki pòv, li pa kapab sove kèk moun ki rich....

— President John F. Kennedy, Inaugural Address, January 20, 1961

- 38 Dapre sitasyon sa a, Prezidan Kennedy te vle
- (1) konfime Etazini kòm peyi ki alatèt zafè monn lan
  - (2) swiv yon politik netralite
  - (3) adopte apezman kòm yon politik etranje
  - (4) abandone politik pou limite devlopman sistèm kominis
- 39 Ki aksyon Prezidan Kennedy te fè nan politik etranje ki te deziyen pou soulaje soufrans moun ki dekri nan sitasyon sa a?
- (1) kreyasyon Peace Corps
  - (2) otorize yon blokis naval Kiba
  - (3) rankontre avèk Premye Minis Nikita Khrushchev nan Vil Vyèn
  - (4) negosye Trete Entèdiksyon Tès Nikleyè

- 40 Yon objektif prensipal pwogram Gran Sosyete Prezidan Lyndon B. Johnson se te pou

- (1) ogmante èd etranje
- (2) elimine povrete
- (3) genyen Lagè Vyvetnam
- (4) ankouraje eksplorasyon lespas

Sèvi gran tit jounal ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 41.

## **NIXON BAY DEMISYON**

**LI ANKOURAJE YON MOMAN 'GERIZON';  
FORD AP PRAN FONKSYON JODIA**

Sous: *New York Times*, August 9, 1974

- 41 Ki dispozisyon konstitusyonèl ki endike aklè nan gran tit sa yo?

- (1) pouvwa prezidan
- (2) kalifikasyon pou vin prezidan
- (3) siksesyon prezidan
- (4) konsèy ak konsantman Sena a


- 42 "... Gen yon siy ki endike Sovyetik yo kapab fè sa ki ta ka sèten, yo ta ka vanse kòz libète ak lapè nètale. Sekretè Jeneral Gorbachev, si w ap chèche lapè, si w ap chèche pwosperite pou Inyon Sovyetik ak Ewòp-de-Lès, si w ap chèche liberalizasyon, Vini isit la nan pòt sa a! Mesye Gorbachev, louvri pòt sa a! Mesye Gorbachev, kraze miray sa a!..."

— President Ronald Reagan, June 12, 1987

Prezidan Reagan t ap mande pou gen yon pwen final nan

- (1) konpetisyon zam nikleyè
- (2) envazyon sovyetik yo nan Afganistan
- (3) Divizyon Bèlen, Almay
- (4) Pak Vasovi

Sèvi ak afich ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 43.




Sous: Library of Congress, 1978

- 43 Kisa ki te yon rezulta bòykòt yo mande sou afich la?

- (1) Lavant leti ak rezen te ogmante.
- (2) Pouwva gwo pwopriyetè tè sou kiltivatè yo te ogmante.
- (3) Yo te voye twoup federal pou siphone vyalans sou bitasyon agrikòl yo nan Lwès.
- (4) Sipò piblik pou objektif ouvriye agrikòl yo te ogmante.

Sèvi ak kat jewografik ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn keson 44 ak 45.



Sous: *International Energy Annual 2005*, Energy Information Administration,  
Department of Energy (adapte)


44 Ki konklizyon ki pi byen sipòte nan enfòmasyon ki nan graf sa yo?

- (1) Plis nasyon pwodui enèji pase yo konsome li.
- (2) Nasyon Amerik-di-Sid yo se pi gwo pwodiktè enèji.
- (3) Nasyon ki pwodui pi plis enèji se nasyon ki pi rich nan lemonn.
- (4) Etazini itilize plis enèji pase li pwodui.

45 Yon rezulta sitiayson ki endike nan graf yo sèke Etazini

- (1) dwe konsidere bezwen li pou enèji lè l ap pran desizyon sou politik etranje
- (2) depanne nasyon ewopeyen yo sitou pou enèji li
- (3) alatèt lemonn nan pwodiksyon petwòl ak asye
- (4) dwe jwenn mache pou enèji siplemantè li

Sèvi ak komik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 46.



Sous: Jim Morin, *Miami Herald*, in *New York Times*, September 10, 1989

46 Ki deklarasyon ki eksprime lide prensipal komik sa a avèk plis presizyon?

- (1) Prezidan ki vini youn-apre-lòt pa t metrize itilizasyon dwòg ilegal avèk efikasite.
- (2) Prezidan sa yo te gen siksè nan fè lagè kont dwòg.
- (3) Lagè kont dwòg se te pi gwo enkyetid lokal prezidan sa yo.
- (4) Anpil prezidan te pwopoze pwojè-lwa pou legalize dwòg ilegal yo.

47 Kisa ki te pwoblèm santral nan dosye John Peter Zenger (1734–1735) ak nan polemik sou Papye Pentagòn (1971)?

- |                     |                        |
|---------------------|------------------------|
| (1) dwa pou gen zam | (3) libète laprès      |
| (2) libète reliyion | (4) dwa pou pran avoka |

48 **“Konvansyon an Reyini nan Seneca Falls”**  
**“19yèm Amanman Ratifye”**  
**“Betty Friedan Òganize Òganizasyon Nasyonal pou Fanm yo”**

Ki deklarasyon konsènan fanm yo nan Etazini ki pi byen endike nan gran tit sa yo?

- (1) Wòl fanm yo nan sosyete a te rete san chanje depi epòk kolonyal yo.
- (2) Batay pou dwa fanm yo te dire anpil deseni.
- (3) Salè fanm yo jodi a egal a salè gason yo.
- (4) Mouvman pou dwa fanm yo te manke kalite dirijan.

49 Yon fason eleksyon Hayes-Tilden ane 1876 ak eleksyon 2000 Bush-Gore sanble sèke nan chak eleksyon, moun ki genyen an

- (1) se lejislati eta ki chwazi li
- (2) te pase nan eleksyon an san yon majorite vòt popilè
- (3) te jwenn èd yon kandida twazyèm pati
- (4) se Tribunal Siprèm Etazini ki te chwazi li

50 • Theodore Roosevelt negosye adopsyon Trete Portsmouth.  
• Richard Nixon vizit Lachin.  
• Bill Clinton sipòte akò pou lapè nan Ilann-di-Nò.

- Aksyon sa yo se egzanpl plizyè prezidan ki aji kòm
- (1) diplomat-an-chèf
  - (2) alatèt pati
  - (3) lejislatè-an-chèf
  - (4) kòmandan-an-chèf

## Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

### Pati II

#### KESYON REDAKSYON TEMATIK

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

##### Tèm: Gouvènman (Lejislasyon Kongrè)

Pandan tout istwa Etazini, Kongrè a te vote pwojè-lwa pou rezoud pwoblèm politik, sosyal, oswa ekonomik ki enpòtan. Lwa sa yo te souvan gen yon konsekans enpòtan sou sisyete ameriken an.

##### Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** lwa Kongrè Etazini te vote epi pou yo **chak**

- Diskite sou sikonsans istorik ki te lakòz yo vote lwa a
- Diskite sou konsekans lwa a sou sisyete ameriken an

Ou ka itilize nenpòt lwa federal ki te la pou rezoud yon pwoblèm enpòtan nan etid ou sou istwa Etazini. Men kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere:

Lwa sou Anbagò (1807)

Lwa sou Bon Kalite Manje ak Medikaman (1906)

Lwa sou Deplasman Endyen (1830)

Lwa sou Sekirite Sosyal (1935)

Lwa Kansas-Nebraska (1854)

GI Bill/Lwa sou Re-Ajisteman Manm Fòs Lame (1944)

Lwa sou Komès Ant Eta yo (1887)

Lwa anfavè Ameriken Andikape (1990)

**Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.**

**Ou pa ka diskite sou amannman konstitisyonèl yo.**

##### Gid:

##### Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzamp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

**Nan developman repons ou yo pou Pati II a, asire ou pou panse ak definisyon jeneral sa yo:**

**diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”**

Nan developman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- (b) diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

### Pati III

#### KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konesans ou pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

#### Kontèks Istorik:

Apre Dezyèm Gè Mondyal la, pèp ameriken an t ap tann yon peryòd lapè ak pwosperite. Men, evènman enpòtan ane 1950 yo te defye santiman nasional sa a, epi li te gen konsekans sosyal, ekonomik ak politik enpòtan sou Etazini nan ane 1960 yo ak nan ane apre yo. Kèk nan evènman sa yo se te **Lagè Kore, bòykòt otobis Montgomery, ak lansman Sputnik**.

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** evènman ane 1950 yo ki idantife nan kontèks istorik la, epi pou yo **chak**

- Dekri sikostans istorik ki antoure evènman an
- Diskite sou konsekans evènman an sou Etazini ak/oswa sou sosyete ameriken an

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1


Nan Kore [Sid], fòs Gouvènman an, ki te gen zam pou anpeche atak sou fwontyè a epi pou konsève sekirite andedan peyi a, te anba atak fòs anvayisè ki sòti nan Kore-di-Nò. Konsèy Sekirite Nasyonzini te mande twoup anvayisè yo pou sispann zak malveyan epi pou sòti nan 38yèm paralèl la. Yo pa t fè sa, men okontré yo te kontinye atak la. Konsèy Sekirite a te mande tout manm Nasyonzini yo pou bay tout asistans nan Nasyonzini pou egzekite rezolisyon sa a. Nan sikostans sa yo mwen te mande fòs-de-lè ak fòs maritim Nasyonzini pou yo bay twoup Gouvènman Kore a kouvèti ak sipò....

Sous: President Harry Truman, Statement on the Situation in Korea, June 27, 1950

- 1 Dapre Prezidan Harry Truman, kisa ki te **yon** rezon ki fè li te òdone fòs Etazini yo sipòte twoup gouvènman Kore-di-Sid nan ane 1950? [1]
- 
- 

Score

## Dokiman 2a



Sous: "Korea: Three Years of War," *Time*, June 29, 1953 (adapte)

- 2 Dapre dokiman sa yo, ki **de (2)** konsekans Lagè Kore te genyen sou Etazini? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 2b

...Nan yon ane ki vini apre kòmansman konfli entènasyonal la nan Kore, kantite moun k ap sèvi nan fòs lame Lamerik te plis pase double a plis pase 3.2 milyon; divizyon fòs lame a te sòti nan dis pou rive nan dizwit; Fòs-de-Lè a te sòti nan karannde (42) pou rive nan swasant douz (72) gwoup zèl; epi Lamarin te ogmante kantite bato li yo ant 600 ak plis pase 1,000. Ritm akimilasyon fòs lame nan pwen sa a te depase sa Lamerik te fikse lè li te fèk antre nan Dezyèm Gè Mondyal la. Biwokrasi Ajans Entèlijans Santral (CIA) te ogmante vit tou. Nan ane 1949, Biwo Kowòdinasyon Règleman te gen 302 anplwaye nan biwo li yo. Nan ane 1952, li te gen apeprè 6,000. Estasyon CIA nan peyi etranje yo te ogmante ant sèt nan ane 1951 a karant sèt (47) nan kòmansman ane 1953....

Sous: Steven Hugh Lee, *The Korean War*, Pearson Education Limited, 2001 (adapte)

### Dokiman 3

...Plent sòlda Ameriken Nwa yo konsènan rasis Fòs Lame te lakòz (NAACP) [Asosyasyon Nasyonal pou Avansman Moun Nwa] voye aktivis dwa sivil ak avoka Thurgood Marshall nan Kore nan kòmansman ane 1951 pou fè ankèt sou sa. Marshall te dekouvri Rejiman Enfantris te viktim yon kantite kou masyal ki pa t pwopòsyonèl, epi pinisyon yo te bay [enpoze] yo te pi di pase sa yo bay pou Moun ki pa Ameriken Nwa. Nan rapò li, ki gen tit 'Jistics Rapid: Nèg GI nan Kore', Marshall te fè konnen paske segregasyon an te ofisyèl, li te responsab pou anpil nan tretman enjis twoup nwa yo nan Kore....

Lagè Kore te answit bay kriz ki te finalman pouse yon Fòs Lame retisan kòmanse egzekite rekòmandasyon ki te fèt nan politik nan Dekrè Egzekitif 9981 [Prezidan Harry Truman]. Yo te mete an pratik kounye a politik yo te eksprime [deklare] anvan nan Gèfwad la. Sipresyon segregasyon nan fòs yo pa mete yon pwen final nan diskriminasyon, men li te reprezante yon etap enpòtan pou vin gen pi bon egalite pou Ameriken Nwa yo. Eksperyans sòlda Ameriken Nwa yo nan Kote te jwenn avantaj ak kontribiye nan pi gwo mouvman lokal pou plis egalite ras....

Sous: Steven Hugh Lee, *The Korean War*, Pearson Education Limited, 2001

- 3a Dapre Steven Hugh Lee, kisa Thurgood Marshall te dekouvri sou tretman sòlda Ameriken Nwa yo nan Kore? [1]

---

---

Score

- b Dapre Steven Hugh Lee, kisa ki te **yon** konsekans Lagè Kore sou sosyete ameriken an? [1]

---

---

Score

## Dokiman 4

Inez Jessie Baskin ap fè kòmantè sou eksperyans li avèk sistèm otobis nan Montgomery, Alabama, anvan bòykòt otobis la te kòmanse nan ane 1955.

...Mwen te monte nan otobis pou ale nan travay chak jou. Sistèm otobis nou an te gen segregasyon tankou tout lòt bagay yon fason pratik. Pa t gen liy demakasyon espesifik ki separe plas ki rezèv pou pasaje blan yo ak pasaje nwa yo. Anjeneral, se te chofè otobis la ki te deside, epi desizyon an pa t menm selon lè lajounen an ak chofè a, men ou te senpleman sipoze konnen. Yon bagay ki te sèten, lè yon moun blan te nan yon plas, menmsi se te yon gason pou yon tout yon plas long, moun nwa yo te dwe mache toudwat pou pase li. Vè sizè nan aswè, manman yon zanmi mwen te rele mwen nan telefòn pou mande mwen pou ale nan Dexter Avenue Church. Se la mwen te aprann yo arete Rosa Parks. Mwen te rankontre Rosa Parks pou premye fwa pandan epòk mwen te manm yon NAACP. Li te toujou enpresyone mwen. Li te senpleman yon zanj k ap mache. Lè bagay yo te rive, ta te fè anpil moun fache, li ta senpleman ba ou ti ri zanj sa a, epi sa te fini. Lè mwen te rive, yon ti gwoup moun te rasanble nan sousòl legliz la, epi yo t ap pale sou fason pou bòykote sistèm otobis lokal la ak sou fason pou simaye depliyen toutotou li....

Sous: Jennings and Brewster, *The Century*, Doubleday, 1998

- 4 Dapre Inez Jessie Baskin, pou kisa Ameriken Nwa yo pa t kontan avèk sistèm otobis Montgomery? [1]

---

Score

## Dokiman 5a

Pandan bòykòt otobis yo nan Montgomery, Alabama, anpil sitwayen Ameriken Nwa te vwayaje angwoup pou ale nan travay.



Sous: Clayborne Carson et al., *Civil Rights Chronicle: The African-American Struggle for Freedom*, Publications International

## Dokiman 5b

... Ofisyèl Montgomery City Lines, yon filyal National City Lines of Chicago te refize di piblikman kijan bòykòt la te afekte konpayi an sou plan finansye. Men yon ogmantasyon 50 poustan nan pri tikè otobis la —ant 10 ak 15 santiman—, epi operasyon redui te konpanse pèt biznis lan nan kèk limit.

Anvan bòykòt la te kòmanse nan dènye 5 desanm nan, apeprè 65 poustan pasaje liy otobis yo se te Nèg [Ameriken Nwa]. Depi lè sa, yon estimasyon 75 poustan kliyan Nèg yo te sispann vwayaje nan otobis yo.

Vwayaj angwoup ki t ap opere avèk presizyon militè te òganize pou ede Nèg yo fè ale-vini nan travay yo. Taksi nèg yo te fè yon biznis ki gen siksè. Komisè Lapolis Clyde Sellers di konsa anpil Nèg te fè konnen yo te jwenn menas avèk domaj si yo te monte nan otobis yo....

Lidè nèg yo ki te gen alatèt yo yon minis Legliz Batis ki te gen laj 27 ane, Reveran Martin Luther King Jr., te mande aranjman “premye moun ki vini se li k ap jwenn sèvis” ki ta mete Nèg yo chita dèyè ak pasaje blan yo nan devan jouk lè tout plas yo gen moun.

Dapre aranjman ki genyen nan moman an, se chofè a ki detèmine liy separasyon an. Ofisyèl konpayi otobis la te rejte pwopozisyon “premye moun ki vini an”....

Sous: *Montgomery Advertiser*, February 19, 1956 (adapte)

5 Dapre dokiman sa yo, ki **de** (2) konsekans bòykòt otobis Montgomery te genyen sou Montgomery, Alabama? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 6a

... Lide moun blan Sid ak ampil moun Nò yo te renmen —tou—ki endike Nèg Sid yo (kit se avèk inyorans oswa kraponay oswa yon rekonesans entèlijan reyalite a) te kontan avèk fason bagay yo te ye, mach an mas la, manifestasyon yo, reyinyon yo te mete soukote sèlman yon ti kantite moun k ap fè dezòd. Montgomery se te premye siy pou sa, epi kounye a li te parèt aklè nan agiman Nèg ki toupatou nan Sid t ap tann sèlman yon opòtinite pou mete yon pwen final nan silans long yo....

Manifestasyon anplas yo te yon eksperyans aprantisaj enpòtan pou moun blan Sid yo, ak pou moun Nò ki pa t kwè nan kèj jèm prejidis mistik ki pa t ka sòti nan lespri moun Sid: lè yo te mete yon pwen final nan segregasyon nan premye gichè repa midi, lemonn pa t fini pou sa. Sa te montre kijan Moun Blan ak Nèg te kapab itilize bilingiblik ansanm san konsekans vyolan, san retrè moun blan. Depi yo vin aksepte ak kreye yon nouvo modèl nan kominate a, moun blan yo ta konfòme yo avèk li jan yo te konfòme yo avèk ansyen an. Gason ak fanmi k ap chèche yon sandwich nan yon gichè repa mid, pandan Nèg yo kapab wè san pwoblèm nan ampil manifestasyon anplas, te pi enterese nan satisfè grangou yo oswa swaf yo pase pou yo te enterese nan moun ki te chita toupre yo. Apre de (2) mwa sipresyon segregasyon nan Winston Salem, North Carolina, manadjè yon gwo magazén te di konsa: "Ou ta panse sa t ap pase pandan senkant ane. Mwen pran plezi pou mwen mouri sou sitiayson an."...

Sous: Howard Zinn, SNCC: *The New Abolitionists*, Beacon Press

## Dokiman 6b

Etidyan kolèj nan yon gichè repa midi Woolworth nan Greensboro, North Carolina.



Sous: *Greensboro Record*, February 2, 1960

- 6 Dapre dokiman sa yo, ki **yon** konsekans bòykòt otobis Montgomery te genyen sou sosyete ameriken an? [1]

Score

## Dokiman 7

Nikita Sergeyevich Khrushchev [dirijan sovyetik] te prèske dezespere pou bat Americanskis nan yon bagay. *Nenpòt bagay*. Li te fè konnen kominis lan ta antere kapitalis la, pita li te fè konnen li te vle di sèlman lè li vin pi rich ak pi pwodiktif, pa lè li angaje nan lagè. Men konbyen tan sa ta ka pran? Senkant (50) ane? Yon santèn? Li te bezwen yon bagay kounye a. Epi nan sezon lete ane 1955, nan apeprè lè li te retounen sòti nan konferans Jenèv, kote [Prezidan Dwight] Eisenhower te ankouraje pwopozisyon Lespas Louvri sou li, kèk nan konseye syantifik Khrushchev te fè li konnen yon devlopman enteresan.

Pandan yo t ap fè lekti jounal syantifik ameriken, yo te aprann Etazini te kòmanse yon pwojè pou mete yon satelit atifisyèl nan òbit nan ane 1958, nan kontribisyon li nan Ane Jewografik Entènasyonal. Yon satelit k ap vire toutotou te gen bon posiblite militè, men Ameriken enbesil yo te deside pa fè li yon pwojè militè—yo te vle li pasifik ak syantifik. Syantifik yo te di Khrushchev nou kapab bat yo ladan, paske nou deja devlope fize.

Bonm idwojèn Inyon Sovyetik la te gwo anpil, epi nan ane 1955, enjenyè ak teknisyen li yo t ap travay sou modèl yon gwo fize konbistib likid ki puisan ase pou pote li sou yon distans senmil mil. Syantifik yo di konsa avèk kèk modifikasyon, nou kapab itilize fize a pou mete yon ti satelit nan òbit la lontan anvan l ap pare pou pote yon bonm H. La a Khrushchev te wè yon posiblite okenn moun nan Washington pa t wè—chans pou gen siksè avèk bèl kout pwopagann syèk la. Satelit sovyetik la, ki gen non kode *Sputnik* (“Konpay Vwayaj”), te jwenn “*Da!*” [*Wi!*]...

Sous: Geoffrey Perret, *Eisenhower*, Random House, 1999 (adapte)

- 7 Dapre Geoffrey Perret, kisa ki te **yon** rezon ki fè Inyon Sovyetik te enterese mete yon satelit nan òbit? [1]
- 
- 

Score

## Dokiman 8

Nan dat 2 septanm 1958, mwens pase yon ane apre lansman *Sputnik*, Prezidan Dwight Eisenhower te siyen Lwa sou Edikasyon Defans Nasyonal (NDEA) pou fè li vin lwa.

... Ant ane 1958 ak 1968, NDEA te bay prè lajan tou pou plis pase 1.5 milyon bous pou etidyan kolèj apa—ki te responsab dirèkteman pou pwodui 15,000 Ph.D. (doktora) chak ane. NDEA te afekte apeprè \$1 milya dola pou sipòte rechèch ak edikasyon nan syans sou kat (4) ane; sipò federal pou rechèch nan syans ak edikasyon te ogmante ant 21 ak 33 poustan chak ane jouk nan ane 1964, sa ki te reprezante twa fwa depans nan syans ak edikasyon sou senk (5) ane. Eta yo te resevwa lajan pou ranfose lekòl yo sou yon baz ekivalan senkant-senkant, yo te voye anpil milye pwofesè nan lekòl vakans lete NDEA te finanse, epi Fondasyon Nasyonal Syans te finanse pa mwens pase senkant twa (53) pwojè devlopman pwogram. Nan moman aterisaj nan lalin nan ane 1969, NDEA sèlman te bay \$3 milya dola nan edikasyon ameriken....

Sous: Paul Dickson, *Sputnik: The Shock of the Century*, Walker Publishing Company, 2001

8 Dapre Paul Dickson, ki **de (2)** konsekans lansman *Sputnik* te genyen sou edikasyon nan Etazini? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 9

... Premyèman, mwen kwè nasyon sa a ta dwe pran angajman poukонт li pou reyalize objektif la, anvan deseni sa a fini, pou ateri yon nonm sou lalin epi pou li retounen sou tè a san pwoblèm. Pa t gen yon sèl pwojè nan lespas nan peryòd sa a k ap bay plis enpresyon pou limanite, oswa ki te pi enpòtan pou eksplorasyon lespas alontèm; epi okenn ladan yo pa t tèlman difisil oswa chè pou reyalize. Nou pwopoze pou yo akselere devlopman vesò espasyal lalin ki apwopriye. Nou pwopoze pou devlope lòt kalite fize konbistib likid ak solid, pi gwo pase nenpòt yo devlope kounye a, jouk lè yo sèten pou sa ki siperyè. Nou pwopoze fon siplemantè pou devlopman lòt motè ak pou eksplorasyon—otomatik ki enpòtan sitou pou yon objektif nasyon an p ap janm neglige: sivi gason ki fè volò odasye sa a pou premye fwa. Men nan yon vrè sans reyèl, se p ap yon gason ki prale nan lalin—si nou fè jijman an yon fason pozitif, sa ap yon tout yon nasyon. Pou nou tout, nou dwe travay pou mete li ladan....

Twazyèman, yon lòt 50 milyon dola ap fè pifò nan kalite dirijan nou nan moman an, lè nou akselere itilizasyon satelit espasyal pou komunikasyon mondyal.

Katriyèman, yon lòt 75 milyon dola—, nan chif sa a, 53 milyon dola se pou Biwo Metewoloji—, ap ede nou nan moman ki pi bonè posib yon sistèm satelit pou obsèvasyon metewolojik mondyal....

Sous: President John F. Kennedy, Special Message to Congress, May 25, 1961

- 9 Dapre Prezidan John F. Kennedy, pou kisa depans lajan sou pwojè nan lespas te enpòtan pou Etazini? [1]

---

Score

## Pati B Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan 1 yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzant ak detay. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

### Kontèks Istorik:

Apre Dezyèm Gè Mondyal la, pèp ameriken an t ap tann yon peryòd lapè ak pwosperite. Men, evènman enpòtan ane 1950 yo te defye santiman nasyonal sa a, epi li te gen konsekans sosyal, ekonomik ak politik enpòtan sou Etazini nan ane 1960 yo ak nan ane apre yo. Kèk nan evènman sa yo se te **Lagè Kore, bòykòt otobis Montgomery**, ak **Iansman Sputnik**.

**Sa pou fè:** Itilize enfòmasyon ki sòti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote y ap mande w pou

Chwazi **de (2)** evènman ane 1950 yo ki idantifye nan kontèks istorik la, epi pou yo **chak**

- Dekri sikostans istorik ki antoure evènman an
- Diskite sou konsekans evènman an sou Etazini ak/oswa sou sosyete ameriken an

### Gid:

#### Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon ki sòti nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan 1 lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzant ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan







# REGENTS EXAM IN U.S. HISTORY AND GOVERNMENT HAITIAN CREOLE EDITION

Enprime sou Papye Resikle

REGENTS EXAM IN U.S. HISTORY AND GOVERNMENT HAITIAN CREOLE EDITION